



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 6/9/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA ISTORIK POU TESTE DLO POTAB NAN LEKÒL NEW YORK YO POU KONTAMINASYON PLON**

***Depatman Sante Eta (State Department of Health) pibliye nouvo règleman pou egzije Tès Plon nan Lekòl New York yo nan delè 31 Oktòb; New York Premye Eta nan Peyi a pou fè Tès Plon nan tout Distri Lekòl yo nan fen ane 2016***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen pwojè lwa istorik (S.8158/A.10740) ki egzije pou lekòl yo nan eta teste dlo potab yo pou kontaminasyon plon. Plon se yon materyèl toksik ki danjere anpil pou jèn timoun yo e li la ka lakoz nan nivo fèb IQ, pwoblèm konpòtman ak domaj nan sèvo. Depatman Sante Eta te pibliye tou règleman ijans konfòmman a nouvo lwa, ki egzije pou distri lekòl yo teste dlo yo pou kontaminasyon plon nan dat 31 Oktòb 2016 epi bay paran, Depatman Sante ansanm avèk otorite gouvènman lokal yo rezilta yo. Nouvo règleman sa yo pral redwi risk pou eskpozisyon nan sibstans danjere sa epi asire ke tout elèv New York yo gen aksè a dlo potab pwòp.

“Nouvo pwoteksyon strik sa yo pou timoun New York yo gen ladan standa tès kontaminasyon plon ki pi strik nan peyi a, epi bay oryantasyon klè pou lekòl yo sou kilè ak kijan yo ta dwe teste dlo yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kòm timoun yo ap kòmanse yon nouvo ane lekòl, mwen fyè pou m siyen pwojè lwa sa, ki make yon gwo etap delavan nan pwoteje sante piblik epi asire pwochen kwasans ak siksè elèv yo toupatou nan eta.”

“Nou konnen ke plon ka koze pwoblèm danjre sou sante ak byennèt jèn timoun yo, e se poutèt sa Sena te ensiste pou teste dlo lekòl yo pou plon. Kòm yon rezilta, New York vini premye eta nan peyi a pou pèfòme tès sa epi pwoteje plizyè milyon elèv kont posib risk sante,” **te deklare Lidè Majorite Sena John Flanagan.** “Mwen ta reyèlman remèsye Senatè O’Mara, Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwonman Sena, ki te travay san pran souf sou mezi sa ki esansyèlman enpòtan, ansanm avèk Gouvènè Cuomo ansanm avèk patnè nou yo nan Asanble a, paske yo te mete ansanm pou asire ke New York fè tout sa ki posib pou asire dlo pwòp ki ansekirite pou tout lekòl timoun yo nan eta.”

“Pwojè lwa sa a fondamantal pou asire ke timoun lekòl nou yo gen aksè a dlo potab ki reponn a pi wo nivo standa kalite sante ak sekirite,” **Prezidan Asanble a, Carl Heastie te deklare.** “Nou tap rete tann rezilta tès sa yo depi lontan e li pral pèmèt lekòl yo adrese nenpòt pwoblèm ki egziste nan sistèm dlo ak bilding yo pou bay paran, elèv ak pwofesè yo lapè despri ke yo merite. Mwen vle remèsye kolèg mwen yo nan Majorite Asanble a, espesyalman Prezidan Edikasyon an Cathy Nolan ak Prezidan Timoun ak

Fanmi Donna Lupardo, pou lidèchip yo sou kesyon enpòtan sa a.”

“Mèsi Gouvènè Cuomo paske li siyen pwojè lwa enpòtan sa an lwa. Se yon akonplisman istorik e nou espere ke aksyon sa nan New York pral kondwi lòt eta yo pou pran aksyon pou pwoteje timoun yo,” **Senatè Tom O’Mara, Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwonman Sena, te deklare.** “Manm asanble Lupardo ansanm avè m te valorize opòtinite pou travay etwatman avèk Lig Konsèvasyon Votè New York yo (New York League of Conservation Voters) ansanm avèk yon gwo kowalisyon gwoup defans pou sante piblik, anviwonman ak bon jan kalite lekòl pou garanti adopsyon lwa a. Nou kwè li reprezante fondasyon ki pi esansyèl pou devlope pwochen aksyon yo. Pa gen yon kote ki pi enpòtan pou kòmanse efò global kontinyèl sa pou pi byen adrese kontaminasyon plon pase nan lekòl nou yo pou pwoteje timoun nou yo.”

“Mwen vle remèsye Gouvènè a paske li travay etwatman avèk nou pou pase pwojè lwa enpòtan sa ki egzije pou lekòl yo teste dlo potab yo pou plon,” **Manm Asanble Donna Lupardo, Prezidan Komite Asanble Timoun ak Fanmi te deklare.** “Tout entèvenan yo te mete ansanm pou asire ke okenn timoun pap gen nivo plon ki pa ansekirite nan dlo potab lekòl yo epi distri lekòl yo pap fè fas a yon chaj finansye ki ekseksif. Kòm yon rezilta nan pwojè lwa sa a, yap mete rezilta tè s pou piblik epi chak paran ak pwofesè pral konnen kisa ki nan dlo potab timoun yo ap bwè.”

“Avèk nouvo lwa sa a ansanm avèk règleman ki akonpaye l, New York ap pran yon etap monimantal delavan pou pwoteje timoun nou yo kont plon, sa ki kapab koze konsekans devastatè pandan tout lavi pou moun sila yo ki te ekspoze,” **deklare Komisyonè Sante a Dr. Howard Zucker.** “Nou pa ka tann pou nou travay avèk lekòl nou yo nan eta pou asire ke dlo potab yo a pwoteje kont plon.”

Anvansa, lekòl yo nan New York pat gen obligasyon pou teste dlo potab yo pou plon, oswa enfòmè paran oswa otorite gouvènman yo sou rezilta yo. Tès la volontè e Ajans Federal Pwoteksyon Anviwonman (Environmental Protection Agency) te administre l. Metòd tè volontè sa san ranfòsman standa te demontre bezwen evidan pou demann pa lekòl eta New York yo sou kilè, kisa ak kijan pou pran yon echantiyon dlo potab pou plon.

Nouvo pwojè lwa sa egzije pou tout distri lekòl yo nan Eta New York teste dlo potab yo pou kontaminasyon plon, ak pou devlope epi aplike yon plan remedyasyon plon lè sa nesèsè.

Konfòmman a règleman aplikasyon yo, echantiyon ke yo te kolekte a dwe 250 ml e yo dwe pran l nan yon priz dlo frèt kote dlo a te immobilize nan tiyo a pou yon minimòm 8 èdtan men pa plis pase 18 èdtan.

Nan dat 30 Septanm 2016, tout etablisman lekòl kap sèvi timoun yo nan klas jadendanfan jiska senkyèm ane dwe koleksyone yon echantiyon nan chak lokasyon echantiyon ki idantifye pou tè s. Nenpòt lekòl kap sèvi timoun yo ki nan klas sizyèm jiska douzyèm ane ki pa egalman sèvi timoun ki nan klas pi ba yo dwe fè koleksyon echantiyon an nan dat 31 Oktòb 2016. Pou nouvo lekòl yo kap kòmanse fonksyone apre dat efektif règleman sa, yo dwe pèfòme premye echantiyon yo anvan yo kòmanse

fonksyone.

Daprè règleman yo, lekòl yo gen obligasyon pou rapòte rezilta tèl plon an bay Depatman Sante Eta atravè yon sistèm anrejistreman elektwonik nan tout eta ke yo deziyen. Si nivo plon ke yo detekte a piwo pase 15 pati pou chak milya nan nenpòt enstalasyon dlo potab, lekòl la dwe sispann itilize priz dlo sa, aplike yon plan asenisman pou redwi nivo plon an, epi bay okipan yo nan bilding lan yon lòt apwovizyonman dlo adekwat pou bwè ak fè manje.

Lekòl yo dwe rapòte depasman an bay depatman sante lokal la nan lespas yon jou ouvrab. Yo dwe bay rezilta tèl yo alekri egalman a tout pwofesè ansanm avèk paran yo pa plis pase nan 10 jou ouvrab apre yo fin resevwa rapò a. Lekòl yo dwe afiche tout rezilta tèl plon yo ansanm avèk nenpòt plan redresman sou sitwèb yo opli vit ke posib men pa plis pase sis semèn apre lekòl la fin resevwa rapò laboratwa a. Depi rezilta tèl la montre ke nivo plon an anba nivo aksyon an, lekòl la ka rekòmanse itilize tiyo dlo a.

Pou lekòl yo ki pèfòme tèl ak remedyasyon nan bilding yo apre dat 1ye Janvyè 2015, e li konfòme avèk règleman sa yo, bilding sa yo pa bezwen refè tèl la. Lekòl yo ka kalifye tou pou yon egzansyon tèl nan bilding lekòl yo, si lekòl la ka demontre ke yo pèfòme tèl ak remedyasyon ki sibstansyèlman konfòme avèk règleman yo, epi nivo plon nan bilding dlo potab yo anba nivo aksyon an.

Lekòl yo pral gen obligasyon pou kolekte echantyon chak senkan, nan yon minimòm, apre premye tèl la oswa nan yon tan ke Komisyonè Sante a te detèmine. Yo pral analize tout echantyon yo nan yon laboratwa ki apwouve pa Pwogram Apwobasyon Laboratwa Depatman Anviwonman an (Department's Environmental Laboratory Approval Program).

Byenke lwa kounye a limite kantite plon nan nouvo ekipman plonbri yo, materyèl ke yo te enstale anvan 1986 ka gen ladan yon kantite plon enpòtan. Lwa Federal nan ane 1986 egzije ke yo itilize sèlman materyèl ki "san-plon" nan nouvo plonbri ak enstalasyon plonbri avèk jiska 8 pousan plon kap make "san plon." Modifikasyon nan Lwa 2011 lan sou Dlo Potab ki Ansekirite te redefini nan fason apwopriye siyifikasyon "san plon." Menm konsa, li posib ke plonbri ki pi ansyen yo ka filtre plon nan dlo potab la.

Etablisman yo tankou lekòl yo ki jeneralman gen modèl itilizasyon dlo entèmitant gen plis chans pou yo gen yon nivo plon elve akòz de kontak pwolonje dlo a avèk materyèl plon yo. Yo te rekonèt sous sa deplizanpli nan peyi a kòm yon kontribisyon a ekspozisyon timoun a plon anjeneral.

###